



Pou Piblikasyon Imedya: 12/07/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN PWOJÈ 12.2 MILYON DOLA POU  
AMELYORE REZISTANS SOU ROUTE 54A NAN KONTE STEUBEN**

***Sistèm drenaj amelyore a pral ranfòse wout vital ki sèvi rejyon Finger Lakes kont  
move tan***

***Investisman an ap konplete "Southern Tier Soaring" – ki se estrateji global  
rejyon an pou revitalize kominote yo epi devlope ekonomi an***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a kòmansman konstriksyon yon pwojè 12.2 milyon dola pou amelyore rezistans sou State Route 54A nan Vil Urbana jis nan nò Vilaj Hammondsport, Konte Steuben. Pwojè a pral enstale nouvo drenaj ak lòt amelyorasyon pou ranfòse kapasite wout la pou reziste gwo lapli epi ede anpeche deranjman nan vwayaj ki te rive anvan sou wout vital sa a pandan ka move tan yo. State Route 54A kouvri bò lwès Lak Keuka epi li bay aksè a anpil destinasyon popilè nan rejyon Finger Lakes.

"Avèk chanjman klimatik ki mennen nan evènman move tan pi souvan, nou bezwen asire enfrastrikti vital nou an pare pou kenbe tèt ak kèlkeswa sa Manman Lanati rezève pou nou", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Investisman sa a sou State Route 54A nan Konte Steuben pral ede diminye wout ki fèmen yo ak lòt tèt fè mal pou vwayaje ki vin twò komen sou wout prensipal sa a".

State Route 54A travèse yon ranblè sou rivaj lwès Keuka Lake epi pandan epòk move tan te gen tandans gen fay nan pant yo ak lòt danje ki te afekte vwayaj. Pwojè a, ki ap finance pa yon Ajans Federal pou Jesyon Ijans (Federal Emergency Management Agency, FEMA) kòm yon sibvansyon Rediksyon Pre-Kastwòf ansanm ak fon Eta a, pral enstale yon sistèm drenaj fèmen 8 kilomèt longè ki itilize basen ak tiyo lateral ondile pou amelyore kouran dlo lapli ak ekoulman sifas nan Lak Keuka. Li pral tou entèsepte dlo anba tè anvan wout la, ki pral ede ranfòse estabilite pant yo. Y ap ajoute nouvo bòdi tou pou ede ak kouran dlo lapli epi yo pral asfalte wout la ak yon nouvo kouch asfalt, pou fasilite vwayaj otomobilis yo.

Yo prevwa pwojè sa ap fini nan ete 2025. Etandone kontrent wout la, otomobilis yo ta dwe atann yo a zòn travay lokalize ak fèm ti yo sèl liy nan sit imedya travay la. Yo

prevwa ekipaj yo pral kòmanse nan fen sid State Route 54A epi yo pral deplase nan nò pandan sezon an. Yo pral retire zòn travay sa a pandan mwa ivè yo.

Fèm ti total wout la nan sèten lokal ka nesesè nan kad travay reparasyon pant espesifik yo. Fèm ti konplè sa yo pral fèt andeyò mwa ete ki pi chaje yo. Yo pral pataje avi sou fèm ti konplè sa yo ak detou ki asosye yo lè yo finalize yon kalandriye.

**Komisè Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta a, Marie Therese Dominguez te deklare,** "Gouvènè Hochul angaje l pou l asire kominote nò eta nou yo resevwa investisman yo merite pou rann enfrastrikti transpò nou an pi rezistan epi pwojè sa a sou Lak Keuka se prè angajman sa a. Depatman Transpò a kontan anpil pou l kòmanse travay enpòtan sa a epi pou l ede asire ke jenerasyon Nouyòkè aktyèl ak alavni yo ka kontinye vizite rejyon nan eta a ki bèl ak dinamik sa a kèlkeswa kondisyon tan an".

**Senatè Chuck Schumer te deklare,** "State Route 54A se yon wout enpòtan anpil pou plizyè milyon rezidan nan nò Eta New York k ap vwayaje ant rejyon Southern Tier ak rejyon Finger Lakes pou vizite bò dlo panoramik Lak Keuka, men anplasman li sou yon ranblè ak mank drenaj te kreye gwo danje ki te rann vwayaj riske pandan gwo lapli ak move tan. Mwen fyè dèske mwen te ede bay finansman federal enpòtan pou fòtifeye wout sa a kont gwo lapli ak pwoblèm pant yo, amelyore rezistans li pou ane k ap vini yo".

**Manadjè Konte Steuben Ian, Jack Wheeler, te deklare,** "Konte Steuben remèsye Gouvènè a ak Depatman Transpò Eta New York pou finansman pwojè enpòtan sa a. Nou te temwen plizyè evènman inondasyon zeklè pandan dènye deseni ki sot pase a, anplis sa ki te afekte State Route 54A, ki te lakòz domaj nan pwopriyete ak deranjman nan vwayaj. Investisman ki nesesè sa a pral pi byen pwoteje Lak Keuka, pwopriyete kay nou yo ak anpil vizitè nou yo".

### **Akselere Southern Tier Soaring**

Anons jodi a konplete pwojè "Southern Tier Soaring", ki se plan direktè global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Plan ki fèt nan nivo rejyonal la konsantre sou atire yon mendèv ki plen talan, grandi biznis yo ak estimile inovasyon. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###